ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№66 (21.474) ● 2009 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 8, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2009 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщыныжмкIэ лэжьыхьэхэм я Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1982 - 1991 гъэхэм къалъхуа, зи ныбжьыр илъэ 27-рэ иримыкъуа цIыхухэр «Дзэ кулыкъур екъэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъымрэ я Iуэхукъ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, 2009 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр кьызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ соцI:**

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэхэу:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ дзэм зыгъакIуэ я комиссэхэм хэтхэр;

2009 гъэм и гъатхэм дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ ираджэн хуей цIыхухэм я узынщагъэр къыщапщытэ, щагъэхьужмедицинэ Iуэхущ1апIэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын 2009 гъэм и гъатхэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр республикэм и дзэ комиссариатхэм, Гъэзэщ1акIуэ и власть и органхэм, предприятэхэм, Iуэхущ1апIэхэм, организацэхэм яцIыгъуу я гъэзэ пIалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэхуашэ, командхэр щIрагъажьэ махуэхэм дзэ къулыкъым ягъэкIуэнухэр щызэхуашэ щIыпIэхэм, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэр щихьымэну, апхуэдэу дзэ къулыкъум гъэкIуэным пыщIа Iуэхухэм зыхуэфащэ щыхухэр кьрихьэлIэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлажьэнымрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакIуэр цIыхубэ хъыбарегъащ1э Iуэхущ1апIэхэм къыщагъэльэгъуэныр кьызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм гъатхэм и 30-м
№43-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм гъатхэм и 30-м къыдигъэкIа Указ №43-УП-мкIэ къыщытащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм зыгъакIуэ и комиссэм и гуп нэхъыщхьэр

Кьанокъуэ А. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр *(комиссэм и унафэщIу)*

Гаджибалаев Г. Я.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ)*

АфIунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымрэ туризмэмкIэ и министрыр

Бей Ж. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатхэм и дохутыр комиссэм и дохутыр-терапевтыр

Бицу В. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкIэ и министрыр

Болдышев В. В.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр комиссэм и дохутыр-психиатыр

Гуэщей Хь. Б. - Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм боевой, мобилизацIэ Iуэхухэмкlэ и къудамэм и унафэщIыр

Дорохина Л. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр

Къалмыкъ Р. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр комиссэм и дохутыр-офтальмологыр

Карданец Л. Ю.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр комиссэм и дохутыр-стоматологыр

Къуэдокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэбэрдей лэжьапIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Куклин Ю. Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр комиссэм и унафэщIыр

Къумыкъу Б. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и чэнджэщIагъэр

КIуц А. Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дохутыр комиссэм и дохутыр-отоларингологыр

Никулин э. Б . - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дохутыр комиссэм и секретарыр*(комиссэм и секретарыр)*

ШIыл Л. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и дохутыр комиссэм и дохутыр-невропатологыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кулыкъущIэхэм ящыщу зэман пыухыкIам темыту лажьэхэм гъэ хъсэ зэрызагъэпсэху пIалъэм лэжьапщIэ пэкIуэу зэман зэрыхущIагъу Хабзэхэр къэщтэным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кулыкъущIэхэм щыщу зэман пыухыкIам темыту лажьэхэм гъэ хъсэ зэрызагъэпсэху пIалъэм лэжьапщIэ пэкIуэу зэман зэрыхущIагъу Хабзэр мы Указым щIыгъур къэщтэн.

2. Мы УказымкIэ къащта Хабзэхэр гъэзэщIэным пщIауэ къагъэсэбэныну ахъшэр зыхуэфащэ илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан кулыкъущIэхэм лэжьапщIэу иратын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухахам и хьэкIкIэ къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм ялыс бюджет ахъщэм къриубыдэу.

3. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытратэза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2009 гъэм гъатхэм и 3-м
№46-УП

УЭСМЭН Марин.

ЗэфIагъэкIари къапэщылъри мащIэкъым

● КЪБР-м и Правительствэм

КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэхьэхьэр теухуауэ щытащ республикэм Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iуэхухэмкlэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм 2007 - 2008 гъэхэм щызэфIагъэкIахэмрэ адэкIэ кьапэщылъ Iуэхугъуэхэмрэ (АП, 7.04.09 гъэ).

- РЕСПУБЛИКЭМ, жылагъуэм дежкIэ мы хьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр и пщэ кьыдохуэ министерствэм, - жиIащ КЪБР-м и Президент **Кьанокъуэ Арсен** . - Апэрауэ, абы и кьалэнщ хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр, зегъэужьныныр. Иужьрей илъэсхэм а уиэпIаныгъэм зэхьэхьэныгъэщхьэ кьыщыхьуакъым икIи абы кьыхэкIыу икIэщIыпIэкIэ зэфIэхьи хуей Iуэхугъуэхэр щымащIэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэр иджырей зэманым кьытхуигъэув жыпхьэхэм кьыкIэроху кьэхьу Iуэхугъуэхэр цIыхубэм я деж зэрынихьэс тхыгъэхэм я фIагъымкIэ, псыныIагъымкIэ. Я зыныкъуэ гъэтехэм КЪБР-м и зыужьныгъэм теухуауэ екIуэкI Iуэхугъуэхэр тэмэму кьагъэльагъуэркъым, уеблэмэ щыIэщ ди щIыналъэм и цIыкIэ IейкIэ игъэIуныр мураду зыхуэзыгъэувыжа кьыдэжьыгъэ щхьэхуэхэр, интернет-сайтхэр. Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэм я лэжьыгъэр къэзыгъэкIуэ Iуэхугъуэхэм ящыщыр зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщыкI Iэщ1агъэлIэр кьаэзрэмэщIэкIыр, мыльку, техникэ и дЬэныкьуэкIэ льабжьэ быдэ зэрамыIэр. Абы кьыхэкIыу хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэм я дэжьыгъэр егъэфIэкIуа хьун папщIэ, зэхьэхьэныгъэ щхьэхуэхэр хэдмылъхьэу хьунукъым.

Е Iуэнэ кьалэну министерствэм кьыпэщылъщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныр. Ди жагъуэ зэрыхьэнщи, иджыри кьэс абыхэм яхуэгъэза дэжьыгъэ купщIафIэ щыIаущ пхуэжьIэнукъым. Пэжщ, дахуэзащ а зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, ауэ ари дыкьызэрыхуэ щытыкIэхэм, Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм ельытауэ щ. Иджы а зэгухьэныгъэхэмрэ министерствэмрэ я кум зэпыщIэныгъэ быдэ дэлъу я лэжьыгъэр зэтраублапхъэщ. Абы и лъэныкьуэкIэ министерствэм жыдэжру КЪБР-м и Президентым и Администрацэм Iуэху дищIэн хуейщ. Мы зэманым кьриубыдэу жылагъуэ зэгухьэныгъэу сыт хуэдиз республикэм щыIэми, абыхэм я унафэщIхэр зыхуэдэми, я лэжьыгъэр зэрекIуэкIми и хъыбар дощI. Министерствэм и кьалэнщ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр кьагъэльэгъуэ хабзэм (уставым) тету зэрылажьэм ткIийуэ кIэлъыплъыну.

Министерствэм кьыпэщылъ Iуэхугъуэ нэхъ инэхэм хьыэбжэ щIалэгъуалэм драгъэкIуэжI лэжьыгъэр. Иужьрей илъэсхэм щIалэгъуалэм я Iуэхухэр дзгъэкIыныным теухуауэ псалъэхэр мащIэхъым, ауэ хэхауэ зыми абы и Iуэху зэриухуэркъым. Апхуэдэу щIалэгъуалэм яхуэгъэза кьэрал политикэ уэбзыхьам щыIэкъым. Иджыпсту ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм гулыIтэ хуэдмыщIэ, ди щIыналъэм щекIуэкI политикэ Iуэхум ахэр щыдмыгъэгъуазэмэ, республикэм, кьэралым и кьэкIуэнур зыхуэдэнур уи нэгу кьыщIэбгъэхьэну шынагъуэщ. Ди кьэкIуэнур зэрыхьэнур зэпльытыжкар нобэ щIалэгъуалэм яхуэгъэщI гулыIгъэщ.

КЪБР-м Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкlэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ министр **Пащты Борис**ри унафэщI Iуэхущ1апIэм нужьрей илъэситIым зэфIигъэкIахэмрэ адэкIэ я кьапэщылъхэмрэ тепсэлъыхьащ.

- КЪБР-м и Президентым и Унафэкlэ 2009 гъэм щыщылъм и 22-м Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкlэ, щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр Борис. - Министерствэм и лэжьыгъэр унэтIныныгъэ щхьэхуэу гуэшащ. Абы хохьэ щIалэгъуалэ Iуэхухэр дэIыгъныныр; республикэм лъэпкъым яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэныр; дин зэгухьэныгъэхэмрэ кьэралымрэ зэпыщIэныгъэ яку дэлъныныр кьызэгъэпэщыныр; хэкурысхэмрэ хэхэсхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ щыныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI социально-экономикэ зыужьныныгъэм ёхэр кьыхэшэныр; жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я гъэзэщIэ мыхьэнэм хэгъэхьэныр; хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэм зегъэужьныныр.

(Кlэухыр 2-нэ нап.).

● Щэбэт щIыхьэху

Гулытэ зыхуэфащэхэм яхуэгъэзауэ

Мэлыжьыхьым и 18-м республикэм щызэхэтынущ нэхъыжьхэм зышIэжьхуэзным теухуа щэбэт щIыхьэху. Апхуэдэ жэрдэм къыхильхьащ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм икIи ар абы дагъкIащ предприятэхэм, организацэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, кьэлэ, районхэм администрацэхэм я лэжьакIуэхэм.

МЭЛЫЖЬЫХЬМ и 18-м екIуэкIыну щIыхьэхум хэтыныхэм я зы махуэ улахуэр хАльхьэнущ къызэрагъэпэщ щIыхьэхум. КъыхэзгъэжьмкIэ, апхуэдэу сом мелуани 10 зэхуэхьэсыну гугъапIэхэр щыIэщ. А ахъшэр Хэку зауэшхуэм хэтахэм, абы хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм сом мин тхурытхуу трагуэшэну я мурадщ.

УЭСМЭН Марин.

● Тхылъыщ1э

Шэрджэс шуудзэм и тхыдэ

Дзэм и Музей щIэрыIуэм (Париж) щахъумэ нуэдэ зи нэгу щIэкIа бэракъ- ар илъэс тIощIрэ зыкIэ (1920 - 1941 гъэхэм) зэрахьащ франджыхьэм я жэрдэмкIэ Сириеи къыщыдзэрагъэпэщауэ щыта Шэрджэс полкым хэта щухэм, Бэракъым адыгэбзэкIэ (латин хьэрфкIэ) зэтет «Шэрджэсхэ - апхэкIэ», «Шэрджэс шу псынщIэ гуп» псалъэхэр. Вагъунбгъи къыхьащ бэракъым - адыгэ лъэпкъхэм я зырыз.

ТЫРКУ империер лъэпэжа нэужь, КъуэкIыпIэ Гъунэгъур, Лъэпкъхэм я Лигэм и унафэкIэ, Британиемрэ Франджымрэ Iэщ1алъхьауэ щыгъаш, ар ягу техуакIыным Сириеи нс лъэпкъхэм, псалъэм папщIэ, друзхэм - щIэщ1ыхьыурэ зыкъыIэт хъуащ, франджыхьэр хэкум ирахужьын мурад яIэти. Лъэпкъхэм я Лигэм и унафэти, франджыхьэм Сириер щIэх ябгьнэн мурад яIэтэкьым.

Урыс-Кавказ зауэм и уэкIкIэ Тыркуэм Iэпхъуауэ щыта адыгэхэм ящыщ куэдым Сириер хэщIапIэ зэрыхуэхъуам щыгъуазэт франджыхьэр, щыгъуазэт ахэр зэрызауэшыым. Жаргъуэ къыхуэхъуа друзхэм пэщIагъэхьэным папщIэ, франджыхьэм Шэрджэс шу полк къызэрагъэпэщащ.

Шэрджэс шу полкым хэта щууейхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ теухуауэ Сапер-Линьер Мишель и кьалэмпэм къыщIэкIа «Черкесы» («Адыгэхэр») тхылъыр. УрысыбзэкIэ зэдзэкIауэ, ар Мейкьуапэ къыщыдыгъэкIащ. Тхылъыр зытхам ар зэриублэр адыгэхэм я тхыдэмкIэщ - мамлюк пащтыхьхэм я деж къыщыщIэдзауэ Урыс-Кавказ зауэм нэс, абы кIэтхоку Шэрджэс шу полкым и тхыдэр. Тхылъым итщ щуудзэм хэта зауэлIэм я сурэт куэд - ахэр зыхьумэр Шэрджэс шу полкым и шупашэ генерал Коллещ - аращ зи гугъу тщIы щуудзэр къыззыгъэпэщар; полкым адыгэ щууей миным щIигъу къыхихшэн хуэзфIэкIащ абы.

Тхылъыр урысыбзэкIэ зэзыдзэкIар Адыгей къэрал университетым франджыбзэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь ГъукIэпщокъуэ Сариетщ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



Аргуэру щIыр мэхьей

Дыгъуасэ Италием и Абрупцо щIыналъэм аргуэру зыбжанэрэ щIыр щыхъеящ балли 3,8-рэ - 4,8-рэ хьуну.

Ар къыщыхьуар Аквилэ къалэм и Iэгъуэблагъэращ. Цыху куэд хьыбарыншэу кIуэдащ, 180-рэ хуэдиз хэкIуэдащ, цыху мин 70-м я унэльапсэр зэхихьуташ.Ахэр зэкIэ щопсэу Аквилэ и стадионым щагъэува пщыIэхэм, гъэнэгъу къалэхэм я хьэщIэщхэм.

ХьдзэлIхэр яубыд

Курскым иубыдащ «В.Успенский» кьхъухьри абы и хьдзэлIхэри. Ахэр щоуэ Урысей Федерацэм щыпсэуну.

Кьхъухьм теуащ цIыху 13 хьу, Iэщ1кIэ зэщIэузэда десант. ХьдзэлIхэм я паспортхэри, кьхъухьым и щыкъэт тхылъ псори трахащ. Ар къаща нэужь, Батуми (Куржым) и кьхъухьтедзапIэм щагъэуващ, Iуэхур зэхэкIыу щаIыгъыну. Кьхъухьым исар цIыху 14 мэхьу. Кьэхъуам щхьэусыгъуэхэр зэкIэ Iущ1у къагъэлъагъуэкъым. Кьхъухьыр Тыркуэм и Хопэ кьхъухьтедзапIэм къыщежьажьэ Азов кьэкIуэжьа рат. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абы къызэпиудащ хьм зэрыщызекIуэ хабзэ гуэрхэр.

Обамэ Барак ирагъэблагъэ

Къэзахстаным и сенатым хьыбар къызэритымкIэ, мыгувэу а къэралым къэкIуэнущ США-м и президент Обамэ Барак.

Абы теухуауэ сенатым и унафищ Токаев Касым -Жомарт США-м и президентым щеспсэльащ Истамбыл. Токаевым абы жриIащ Къэзахстаным и президент Назарбаев Нурсултан зэрыригъэблагъэр.

Вертолетхэр ещхьу

Палестинэм и лъэпкъ администрацэм и унафэщI Аббас Мыхьмуд Москва къэрал Iуэхукъ къажIуауэ щыхьащI.

Ар Iущ1ащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий. Аббас Мыхьмуд зэрыжIамкIэ, мыгувэу Палестинэм ищхьунущ Урысейм и вертолетхэмрэ бронетранспортерхэмрэ. Израильмрэ Урысейм рэ а Iуэхумкlэ зэгурыIуащ.

- Дэ а вертолетхэм дахуэныкъуэщ, Палестинэм и щIыпIынщу дыщызекIуэн папщIэ. Сэ си лэжьыгъэ Iуэхукlэ ахэр къэзгъэсэбэныщ, - жеIэ Аббас.

Техникэр Палестинэм эпкъгрыкъуэу яшэнщ.

НОБЭ

♦Дзэ комиссариатым и лэжьакIуэхэм я махуэщ. 2006 гъэм накъыгъэм и 31-м УФ-м и Президентым кьишта унафэм ипкъ иткIэ ягъэлъапIэ.

♦1904 гъэм Инджылызмрэ Франджымрэ, нэужькIэ, 1907 гъэм Инджылызмрэ Урысейм мрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм ящхьэ иткIэ, Антантэр къэгъэнэхуащ. Апэ дунейпсо заулм и зэманым абы зы ищIащ Германием и бийуэ къэрал 20, США-р, Италиер, Япониер яхэту. Антантэр лъэпэжащ 1918 - 1920 гъэхэм.

♦ Мэлыжьыхьым и 8 - 10-хэм Москва и «Экспоцентр» гъэлъагъуапIэм щекIуэкIынущ «XXI лIэщIыгъуэм Урысейм и ТЭК-р» VII Урысейпсо энергетикэ форумымрэ «Автомобилым и дунеи» XVIII Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэмрэ.

♦ 1703 гъэм сэлэт мин 60 зыхэт дзэ Кьрым тэгрэхэмрэ абыхэм я акъылдгъуэмрэ кьызэрагъэпэщри, Къэбэрдейм кьытеуат.

Ар зэхадыгъуат, яфыщIат, мылькушхуэрэ щIыху куэдрэ фIаухьат.

♦ Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикIэ, 37-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 19-рэ дакьикIэ 40-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 13-рэ дакьикIи 3-рэ.

Плансэр зыхьхьэзырар ГУЭЩIО Зариф.

Гъэзетым Iуэхущ1ауэ

Хьэщ1апIэ укIуэн уфIэфIмэ, хьэщ1эу къыпхуэкIуэр гъафIэ.

● Хьэбар гуапэ

Европэм тIэунейрэ и чемпион Хъущт Аслъэнбэч



(Литвам и къалащхьэ Вильнюс иджыблагъэ щекIуэкIащ адыдж-урым бэнэкIэмкIэ Европэм и чемпионат. Урысей Федерацэм и щыхьыр абы щихьумащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен, Пекин Олимп Джэгуэным и чемпион Хъущт Аслъэнбэч икIи дышэ медаль къихьащ.

КИЛОГРАММ 96-рэ зи хьэпъагъэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм хуэзфIэкIащ, зы очко закъуи яримыту, и хьэрхуэрэгъуэхэр хигъэщIэн. Кьэхъ зэпеуэм и 1/8 Iыхьэм Хъущтым 6:0-у къыфIихьащ Белоруссием и бэнакIуэ Дженченко Тимофей, 1/4-нэ Iыхьэм 4:0-у алыдж Тоунозидис Теодорис текIуащ, Iыхьэ ныкъуэм 10:0-у щыхигъэщIащ чех щIалэ Свец Марек.

КIэух зэпеуэм ди пхьэхэгъуэ къыпэщIэтащ Литвам и бэнакIуэ Эзэрскис Миндаугас, ауэ хэгъэрейри кьыпэтъэщащ икIи 4:0-у Аслъэнбэч текIуащ.

Хъущтым Европэм и дышэ медаль етIуанэу кьэхь. Нэгъабэ Финляндием щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и чемпионщ Аслъэнбэч.

Кьыхэдгъэщынщи, алыдж-урым бэнэкIэм нэмыщIкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ щIыхьэ бэнэкIэмкIэ зэхьэзэхуэхэр Вильнюс щекIуэкIащ. Абыхэм кьарикIуар зэхалъхьажа нэужь, Урысей Федерацэм ящэ командпэ увыпIэр кьыхуагъэфащащ. Абы кьихьащ дышэ медалу 7, дижьыну 4, жэзу 5.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жыласэ Заурбэч

ЖЫЛАСЭ Заурбэч Щ1елъэуат и къуэр Аруан куейм хьыхь Къэхъун къуажэм 1960 гъэм къыщалъхуащ. 1978 гъэм къуажэ курыт школыр къыхуа нэужь, дзэм къулыкъу щищIащ. 1987 гъэм Москва къэрал университетым журналистикэмкIэ факультетыр екъуIэныгъэкIэ къыхуащикIи а Iэщ1агъэмкIэ лэжьэн щыщIидзащ «Ленин гъуэгу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым. Илъэс зэхуэмыдэхэм къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щыIащ «Мазкъ», «ЦIэнгъуазэ», «Нарты» газетхэм.

2000 гъэм и фокIадэм къыщыщIэдзауэ илъэси 9-кIэ лэжьащ КъБР-м Хъыбарегъащ1э Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм и кьуажэмэ и унафэщIу. 1999 - 2008 гъэхэм КъБКъУ-м щылэжьащ, журналист Iэщ1агъэм студентхэр хуригъаджэу. И кьару емыблэжу зэрылажьэм, и творческэ екъуIэныгъэхэм папщIэ Жыласэм кьыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» щIэлъапIэр, ар хъуащ КъБР-м и Журналистхэм я союзым и саугъэтым и лауреат, зыщылажьэ министерствэм, КъБР-м и Хэхакъуэ комиссэм кьаубгъэкIащ щIыхь тхылъхэр мыхэмыгIэу кьыхуагъэфащащ.

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м къыщыщIэдзауэ Жыласэ Заур «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэщ.

Унагъуэщ. Щхьэгъусэрэ быиныIрэ иIэщ.

● Зэпеуэ

«Урысейм и нэрыбгэ»

2009 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м щыщIэдзауэ «Урысейм и нэрыбгэ» урысейпсо лъэпкъ конкурс екIуэкIынущ. Ар зыхуэунэтIар унагъуэм и пщIэр кьэлэтынырщ, унагъуэ хабзэхэм зегъэужьныныр. Конкурсым хэт хъунур унагъуэ ихьа цIыхубзхэмрэ бын зиIэ цIыхубзхэмрэщ. Конкурсым хэтынухэм я бжыгъэмкIэ е абыхэм я ныбжьыкIэ мардэ пыухыкIа ягъэуэныкъым.

Конкурсым зэрыхэтым уасэ щIатынукъым, абы хьыхьэхэм ахъшэ кьыщIыхьыр конкурсым и сайтым зэрыратхэрэр (анкетэхэм зэрелэжьым пэкIуэу соми 150 - 180-рэ кьыIак). Зэпеуэм щыщIидзэ махуэм щегъэжьауэ абы и официальнэ сайт Интернетым кьыщызэIуахынущ (www.woman-russian.ru).

Конкурсыр Iыхьэ зыбжанэу зэпыщIауэ екIуэкIынущ. КIэух зэпеуэр Москва къалэм щызэхьхьэнущ 2009 гъэм и дыгъэгъазэ маздм.

«Уэ ухуейм» тхылъ еджэ, дэ тIум «Адыгэ псалъэр» кьыхьдох!» - аращ жаIэр «Адыгэ удж хъурей» («Черкесский круг») гупым хэт «ЛIыжьитIым».

Сурэтыр **IЭХЪУЭБЭЧ Илья** *трихащ.*

Республикэм щыпсэуэхэм, Iуэхущ1апIэхэм, предприятэхэм гу зылъатапхъэ

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэм и Управленэу КЪР-м щыIэм хъыбар фегъащIэ 2009 гъэм и ешуанэ илъэс ныкъуэм кьэлэпхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тригъэдзэжьащ. Фэ нэхъ фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ кьевгъэхьын папщIэ, республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми Iэ щытевдзэ хъунущ.

Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ Управленэу КЪР-м щыIэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ иIэлIыкIи 10-рэщ.

Ди индексыр 57531

Зэфlагъэкlари къапэщылъри машlэкъым

(КIэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.)

Республикэм щекlуэкl къэрал щалэгъуалэ политикэм и гугъу щищым, министрым кьыхиутэщащ Щалэгъуалэм и илъэсым ирагъэкlуэкlыну Iуэхугъуэхэм жьыджэру зэрызыхуагъэхьэзырар. Ар кьыз зрызэIуахым хуэгъэпсына зэIуIэ Нашлык дэт къэрал концерт гъэльэгъуапIэм щызэхэтащ. Апхуэдэ зэхьыкьэхэр Къэбэрдей-Балькъэрым и кьалэхэми щекlуэкlащ.

- Щалэгъуалэ ныбжьым иту кьалъэтэ илъэс 14-м щыщlэдзауэ 30-м нэсхэр, - пишащ адзкlэ Пащты. - Абы тещыхьауэ кьапщтэмэ, республикэм щалэгъуалэу ирыр мин 300-м ноблагъэ, ар КъБР-м щыпсэуи и процент 31-рэ мэхъу. КъБР-м и Президентым и кьэпсэльэныгъэхэм ящыщ зыми кьыхэщауэ щытащ ныбжьыщlэхэм яхуэгъэзэа лэжьыгъэ дзи щыналъэм тэмэму къыдэлажьэкlам кьыхэкlыну, щалэгъуалэр, жылагъуэр, властыр зэпэlэщlэ зыщlу Iуэхугъуэхэр яку кьыз зрыдыхьауэр икlи ар гъэзэкlуэжьным кьару псори екъэлlэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкьуэкlи япэ лъабгакъэу зычар республикэм и Унафэщlыращ. Кьаныкуэр Арсен Къэбэрдей-Балькъэрым ис щалэгъуалэм яхуэзэри, и мурадхэмкlэ ядэгугъащ, езыхэм хэкум и зэIуэпэщ псэукlэм яхуэзфlэкl халъхьэну кьыхуриджащ. КъБР-м и Президентым и деж щыIэ Жылагъуэ-чэнджэщэгъу советым хэтэ кьызэрагъэпэщащ щалэгъуалэ кьэпщтакlуэ гуп, КъБР-м и Парламентым иIэщ щалэгъуалэ палатэ, щалэгъуалэ Правительствэм хэтыныжэ кьыхах. Аэр псори хуэунэгъащ щалэгъуалэм властым дзыхь хуегъэщIыным, абыхэм езыхэм я политикэ Iуэхугъэр яIэжьным.

Иужьрей илъэсым хэтщIыкlыу Йофlакlуэ я Iуэхугъэр. Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщаIэт Iуэхугъуэхэм жьыджэру щалэгъуалэр хэтщ. Екъулlэныгъэхэм я гугъу пщIыну пасэщ, сыт щхьэкlэ жьыпIэмэ щалэгъуалэ политикэр гъащIэм хэпщауэ хьун папщIэ дэ кьыптпэщIыпщ илъэс бжыгъэкlэ зэфlамыкьыу зэтрихьа Іуэхугъуэхэм дыхэпlыну.

Лъэпкъэм яку дэлъ, зэхуэщытыкlэхэм щытепсэлъыхьым, министрым жиIащ КъБР-м лъэпкъ-жылагъуэ зэгухьэныгъэу 21-рэ, лъэпкъ-щынхабзэ центру 17, лъэпкъ-щынхабзэ автономиеу 1 зэрыщытхар, Дунейпсо Адыгэ Хасэ зэрыщIэр. 2002 гъэм ирагъэкlуэжа Урысейпсо кьыхэхтыкlыныгъэм кьыз зэрригъэлъэгъуамкlэ, Къэбэрдей-Балькъэрым лъэпкъ зэхуэмыдэу 104-м кьыхэкlахэр щопсэу. Блэкlа илъэситlым кьриубыдэу Іуэхугъуэхэм яку дэл

МЫСОСТЫШХУЭ Пщыізэбий

Гупсыси - псалъэ

● Си бзэ-си псэ, си дуней

Пщіэ зыхуэтщі, фІыуэ тлъагъу артист гъуэзэджэ Мысостышхуэ Пщыізэбий «Гупсыси - псалъэ» зыріІщэ зеІпльэгъуэр, дэ къыхэзгъэщхьыкІ уиІэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм хэтхэм сэбэп кьахуэхъунущ. Ди газетым и жэрдэмкІэ зэхэзфІа ныжьыгъуэ дахэм и мыхьэнэр гукІи псэкІи зыхэзыщІэ Пщыізэбий фІыщІэшхуэ худощІ нкІи и тхыгъэр тыдогъэ.

ХЭТХЭР:

Дотэнэху - бзэмкІэ щІэныгъэлІщ.

КІасэнэху - Дотэнэху и щхьэгъусэщ, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэщ.

Пуми я Іэщлагъэр фІыуэ яльагъу. Анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ теухуауэ зыгуэр зэпаубыдри, лІыфІыгъуэ зэримыгъаахуэу зодаІэ, зохъурджауэ, щыізэфІэнэжи щыІщ... Ауэ псори кІыызыхэкІыр я Іэщлагъэм хуІащІ пщІэмрэ адыгэбзэм хуаІэ гуузлыуэмрэщ.

(КІасэнэху ижь зэлъыуех, Даур Асльэнрэ Виду Анатолэрэ зэдатха «Анэдэлъхубзэ» уэрэдыр жиІэуэрэ пщэфІапІэм щІохьэ, кьыщІокІыщ).

Си анэдэлъхубзэу си псэ!
Си анэдэлъхубзэу си нэ!
Щхьэ ущымІыужрэ кьабзэу
Нобэ уэ адыгэ уня?..

Дотэнэху *(КІасэнэху и макъым зригъэІзу зэрыщІидзэу, тхэуэ столым бгъэдэс Дотэ и нэгъуджэм ящІэрльуэр).* Мыр сыт, уи хьэм бакъкІыубда?..

КІасэнэху. Уэрэд дахэщ, пэжкъэ?..

Дотэнэху. Уэрэдыр хьарзынэщ, ауэ жьаІэзэр кІуркІуунауу си гугъэри...

КІасэнэху. КІуркІуунауэмэ макъ дахэ зиІэ кьаожКІ, Дотэнэху. «Уи нэм ильагъу пэор кьыпщохьур нэд, гум жимыІэмэ гьыбзэ е уэрэд», кІуэ Бейтныгъуэм Сэфарбий...

ИгъэщІэрэщІэу уэрэдым кьыпеш)

Си анэдэлъхубзэу гуапэ!
Си анэдэлъхубзэу гуащІэ,
Уи бын пэ жхэр щыІм пуп-гупу
Щыізэбгридзакъэ гьащІэм?..

(Уэрэд жьІэм щегъэтри, Бемырзэ Мухьэдин и псалъэкІэ ящыпещэ)

Си анэдэлъхубзэр хэмытауэ,
Сипу кьеу экІэр фэ зыхэмыщІэну.
Си анэм и бзэр кьызимытыгъамэ,
КьыщІокІын сэ бзагъэу сыкъэзнэну...

Ю-у, пхужьмыІэн ж, зыгъэу кьулейщ, купщІафІэщ ди адыгэбзэр... Ар хьэуа кьабзэу, макъамэ гуакІуэу си псэм кьодэхащІэ... Аби а зэхэлъыкІэр апхуэдизкІэ тельыдэкъщ, пльыфэфэщи, жьыбгъэ эщІэфмери, псы уэрым и макъри, щым и бэуэкІэри, кьуалэбзухэм я уэрэдри...

Дог энэку. КІэщІу жьыпІэмэ, хьугъэуфІыгъуэу щыІэ псори адыгэбзэм щыхэхуэхэсащІ?..

КІасэнэку. КІэщІу жьыпІэмэ, адыгбзэр щымыІамэ, адыгагъи льагъуныгъи щыІэнутэкъым...

Дотэнэху. Кьыжжелэт-тІэ, Іущыщэ... Ди лІэпкъыбзэм и льаШэр зэрыкуур, абы и беягър, и эзфІэкІыр, и Іэгъэтыпытхэгъэр зэрыгъэчанкІшэр кьыдэзыгъащІэр сыт?..

КІасэнэку. КьыдагъащІэ: адыгэ театрым, тхыпхьфІхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Іуащхьэмахуэ» журналым, лъэпкъым и шхэпс Іуэрыіуатэм...

Дог энэку . АтІэ игъащІэм адыгэ театр щыхьэуэ зы спектакль емыплъакъэм, зы адыгэ газетри журналри зи унагъуэ ирамыхьэхэм, зы адыгэ тхыль и кІэм нэсу емыджахэм адыгэбзэр зэрыдахэр, зэрыкъулейр, псэм кІыэрехуэбылІэр кьыізэращІэнрауэ?...

КІасэнэку. Апхуэдэ адыгэ щІыІэу си фІэщ хьуркъым, Дотэнэхуэ!

Дотэнэху. Хьуркъым жыпІа?.. Абы щыгъуэ нэхъ гъэщІэгъуэнэщхьэ бжьыбзоІэ. Щэнхабзэм хуэдизкІэ, ар гъащІэ Іэщлагъэу кьыихихэуэ ирилажьэ щІыхь щищым адыгэ газетрэ журналрэ кьаІэрыхьэу кьахэкІар щІыхьитІ кьудейщ... Ар нэхъ фІэщ щыгъуафІэ?

КІасэнэху. А ды-дыд!.. Догъуэ, абы и щхьэусыгъуэр сыт?.. Абыкіэ хэт уэ бгъэкъуаншэр?..

Дог энэку . БззэрыбзэкІэ псалъэ языныкъуэ егъэджакІуэхэрэр, артистхэр, журналистхэр, тхакІуэхэрщ...

КІасэнэху. Уэку гущІэ!.. Псори ахъэм иригъэхьри, и щхьэ закъуэр кьигъэнащ...

Дотэнэху. Балигъ хьуа адыгэхэм дапщэ яхэт адыгэбзэкІэ зы псалъэ жамыІэжу?.. Абыхэм я бынхэр бзэ ныкъуэ мыхьуу кьэнэр?.. «Адыгбзэ - гуащэмрэ нысэмрэ ириззэфІэнэ фІэжІа нэгъуэщІкІэ кьамыгъэсэбэпыж хьунмэ хуэм-хуэмрэ уэтщэ кьэралыбзэщ». Іутыік Борис гушыІэурэ зэгъуэр жиІаеу щыта мы псалъэхэм Іэ щІыІэкІэ дытоІэбэ... А псом и щыІужкІэ, фи адыгэбзэм, зэрелъадэхэ тхыльхэри, предпринимателъ зэхъуэкІыпи, ерзэгъэпрограммэхэм зэхъуэкІыпи, егъэфІэкІуэн хуейщ... Кьемыязгъэшу пызыхьыжар сабийм хуиІэ льагъуныгъэрщ...

Дотэнэху. Мис ар кьызгурыІуэакъым...

Дотэнэху. Сабийм утекІиекІи, утецыбыхькІи нехъ губзыгъэ зэпхыдыныкъым... Язынныкъуэ егъэджакІуэхэм псэкІэ, бзэкІэ, щІэныгъэкІэ сабийм ирамытыфІар ІэштымкІэ, шыІнагъкІэ ирагъэжІэну хуэокьэри, ящІэ тІэкІыри щагъэгъупщэж...

КІасэнэ ху. Мэлищ щІакъуэншэ хъуркъым... Уэ бзэмкІэ уеджагъэшхуэщ... Ауан дыкьэпщІу, ухъудзхъурджауэу ущымыоу, хэкІыпІэ гуэр кьэгъуэт... ТхылъыфІ, программэ гъэщІэгъуэ зи тхуэзэпхьэ... Уи дагъуэмрэ чэнджэщ гъущэхэмрэ дуежэгъуащ. Сабийхэр эзредгъаджэ тхылъымэрэ программэхэмрэ дэбгъуэр нэхъ гурыІуэгъуэу жьыІэт...

Дот энэку. Къэрэгъэш къуэкъым щыщ егъэджакІуэ Шал Чиф жиІар пщІэр абы теухуауэ?.. «Си сабийхэр зэредгъаджэ ІэкІебиикхэр бзэ Іэгу гупъкІэ тхащ, зэ еджэгъуэкІэ, тІэу еджэгъуэкІэ кьыбгурымыІуэхэр куэдыкІейуэ итщ. Ар сабийм кьыстемыхьэлъэнкІэ Іэмал иІэкъым... ИдогъэфІакІуэ жаІэурэ нэхъ гупъуж ящІащ...»

КІасэнэ ху. Ари пэ жщ, аУэ...

Дотэнэху *(эпеуд).* Сэри абыкІэ сыарэзыщ! Фэ иджьпсэту зэрерзагъэджэ тхылъхэм ит кьыхуеджэнкІэ-хэрэ кьуэпсапІэхэри зэрыщымыІэжрэ, ахэр кьыізэрызэдэнэкІрэ куэд щащ...

КІасэнэ ху. ЩІа щхьэкІэ, жаІэм демыдаІуэу у, кьыдат тхылымкІэ едмыгъаджэу хъуркъым...

До тэнэ ху. Сыт щІэмыхъ ур?.. Фэ хэпплъхь фщІыну нэхъ фигу ирихь тхыгъэхэр, программэхэр, учебникхэр кьыхэфхыу абыкІэ евгъэжэну хуит фкькъащІакъэ?..

КІасэнэ ху. ДыкъащІа щхьэкІэ, дызыхэдэн ДжІемыкъым... Ауэ «Іэпльп, кьыізэрыщІыкъуар кьыджеІэж» жаІэу сэ нэгъабэ кьысхуІэрагъэхуэу щытА программэщІэр Іейуэ сигу ирихьат», жызыІар уэрракъ??..

КІасэнэ ху. Сыт-тІэ жысІамэ?..

Дотэнэху . А псалъэхуа цІыкІум щыуагъэ дапщэ хэпщІыхьами пщІэжрэ уэ, егъэджакІуэ?

КІасэнэ ху. КІыізэрыІуэркъым!..

Дотэнэху. Япэраущ, «Іейуэ сигу ирихьащ» жыІпІэ хьунукъым... Іейр игу ирихьмэ, зыгъэр пхуэхэту араущ... МэкъумэшыщІэми, егъэджакІуэми ар я псэльафэ хъуащ... «Іейуэ фІыуэ солъагъу, Іейуэ си гуапэ хъущ, Іейуэ сыбгъэгуфІащ...» Ар адыгэбзэкъым!..

КІасэнэху *(Нэхъ иныжу дыхьэшхыуэрэ).* Уэах уэщ, Дотэнэху!.. Нэхъыжьыр щыуэмэ, нэхъыщІэхэм я мыгъуагъэщ, кьалэмыр бгъунльэмэ, льэпкъым...

Дот энэку . Атlэ игъащІэм адыгэ театр щыхьэу зы спектакль емыплъакъэм, зы адыгэ газетри журналри зи унагъуэ ирамыхьэхэм, зы адыгэ тхыль и кІэм нэсу емыджахэм адыгэбзэр зэрыдахэр, зэрыкъулейр, псэм кІыізэрехуэбылІэр кьыізэращІэнрауэ?...

КІасэнэ ху. Ахпуэдэ адыгэ щІыІэу си фІэщ хьуркъым, Дотэнэхуэ!

Дотэнэху. Хьуркъым жыпІа?.. Абы щыгъуэ нэхъ гъэщІэгъуэнэщхьэ бжьыбзоІэ. Щэнхабзэм хуэдизкІэ, ар гъащІэ Іэщлагъэу кьыихихэуэ ирилажьэ щІыхь щищым адыгэ газетрэ журналрэ кьаІэрыхьэу кьахэкІар щІыхьитІ кьудейщ... Ар нэхъ фІэщ щыгъуафІэ?

КІасэнэху. А ды-дыд!.. Догъуэ, абы и щхьэусыгъуэр сыт?.. Абыкіэ хэт уэ бгъэкъуаншэр?..

Дог энэку . БззэрыбзэкІэ псалъэ язынныкъуэ егъэджакІуэхэрэр, артистхэр, журналистхэр, тхакІуэхэрщ...

КІасэнэху. Уэку гущІ!.. Псори ахъэм иригъэхьри, и щхьэ закъуэр кьигъэнащ...

Дотэнэху. Балигъ хьуа адыгэхэм дапщэ яхэт адыгэбзэкІэ зы псалъэ жамыІэжу?.. Абыхэм я бынхэр бзэ ныкъуэ мыхьуу кьэнэр?.. «Адыгбзэ - гуащэмрэ нысэмрэ ириззэфІэнэ фІэжІа нэгъуэщІкІэ кьамыгъэсэбэпыж хьунмэ хуэм-хуэмрэ уэтщэ кьэралыбзэщ». Іутыік Борис гушыІэурэ зэгъуэр жиІаеу щыта мы псалъэхэм Іэ щІыІэкІэ дытоІэбэ... А псом и щыІужкІэ, фи адыгэбзэм, зэрелъадэхэ тхыльхэри, предпринимателъ зэхъуэкІыпи, ерзэгъэпрограммэхэм зэхъуэкІыпи, егъэфІэкІуэн хуейщ... Кьемыязгъэшу пызыхьыжар сабийм хуиІэ льагъуныгъэрщ...

Дотэнэху. Уэку гущІ!.. Псори ахъэм иригъэхьри, и щхьэ закъуэр кьигъэнащ...

Дотэнэху. Балигъ хьуа адыгэхэм дапщэ яхэт адыгэбзэкІэ зы псалъэ жамыІэжу?.. Абыхэм я бынхэр бзэ ныкъуэ мыхьуу кьэнэр?.. «Адыгбзэ - гуащэмрэ нысэмрэ ириззэфІэнэ фІэжІа нэгъуэщІкІэ кьамыгъэсэбэпыж хьунмэ хуэм-хуэмрэ уэтщэ кьэралыбзэщ». Іутыік Борис гушыІэурэ зэгъуэр жиІаеу щыта мы псалъэхэм Іэ щІыІэкІэ дытоІэбэ... А псом и щыІужкІэ, фи адыгэбзэм, зэрелъадэхэ тхыльхэри, предпринимателъ зэхъуэкІыпи, ерзэгъэпрограммэхэм зэхъуэкІыпи, егъэфІэкІуэн хуейщ... Кьемыязгъэшу пызыхьыжар сабийм хуиІэ льагъуныгъэрщ...

Дотэнэху. Ауэ ящІэрщ, ауэ жызыІэр Іейуэ сигу ирихьат... Ауэ ящІэрщ, ауэ жызыІэр Іейуэ сигу ирихьат... Ауэ ящІэрщ, ауэ жызыІэр Іейуэ сигу ирихьат... Ауэ ящІэрщ, ауэ жызыІэр Іейуэ сигу ирихьат, жызыІар уэрракъ??..

КІасэнэ ху. Сыт-тІэ жысІамэ?..

Дотэнэху . А псалъэхуа цІыкІум щыуагъэ дапщэ хэпщІыхьами пщІэжрэ уэ, егъэджакІуэ?

КІасэнэ ху. КІыізэрыІуэркъым!..

Дотэнэху, Япэраущ, «Іейуэ сигу ирихьащ» жыпІэ хьунукъым... Іейр игу ирихьмэ, зыгъэр пхуэхэту араущ... МэкъумэшыщІэми, егъэджакІуэми ар я псэльафэ хъуащ... «Іейуэ фІыуэ солъагъу, Іейуэ си гуапэ хъущ, Іейуэ сыбгъэгуфІащ...» Ар адыгэбзэкъым!..

- Сосрыкьуэ командировкэ щыІэти, Сэт знеі гуэвэу пэпльэрт.

- Япэ щыдэ рифмэ хэха кьэзыгъэсэбэпэуэ щытар адыгэ тхакІуэ Щоджэнщыкіу Алинщ.

- Литературэ диІэтэкъыми, Абыкъ Хьалид фельетонкІэ кьыщимыдзэу хъуакъым...

- Фызхэм командовать щаущ эманыр матриархату историием хьыхащ.

- Щоджэнщыкіу Алий бынунагъэшхэм кьыхэкІащ. НыбжькІэ ар я унагъэ сабийхэм я кум итщ.

- Щоджэнщыкіу Алий йожьэри народым и джеф фольклор кьыхедэ.

- Адэмкьэуэ Мурэдэбий и повесть «Адльэнрэ Мадинэрэ» жьыхуІэр юмор щабэ щІэльу тхащ. Абы и щыхьэт нэІуэщ тхыгъэм и персонаж Хьажнэгъуей и гупэр щыдыпсэмкІэ гъэзауэ уэрэм пулэмкІэ зэрежэжащ. *(Лъпльмпіэр еІэтри).* Дауэ кьыщпыкьхуэ, хъущІэрей?..

Дотэнэху . Атlэ, «Адыгэ псалъэ» газетым 1999 гъэм кьыхилъхьа, иужькІэ Кьэбэрдей-Балькъэрым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэми, дзи Хасэми, Дуней псо Адыгэ Хасэми даІыгъа «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм зиубгъуауэ адыгэ кьуажэ псоми щокІуэкІри, а Іуэху дахэр кьыізэзыгъэпэщхэм, ар зи жэрдэмхэм дащоугъу ди льэпкъым и бзэ дахэр хьуэнэным, нэхъри зегъэуэзщыным дяпэкіи хуэлэжьэну... Аращи-и-и...

Пуми. Дывгъэпсалъэ адыгэбзэкІэ!

Дывгъэпсэу адыгэпсэкІэ!!!

(Уэрэдым и макъамэм зеІэт)

Іупхьэу.

● Псапэ

Бекъшокъуэ Алексей Абхъазым щыізуэ адыгэ щІалэхэм теухуа тхылъымрэ фильм зытет дискымрэ Гуанэ Рае ирет.

Дэращ абыхэм яІэр

Абхъазым щыізуаехэм я зэгуэхьныгъэм хэтхэм хабзэ яхуэхъуащ сабий зеиншэхэм гулъыгъэ яхуэщІыныр. Иджьолагъэ ахэр щыІащ зи зыужькІэкІэ адрей сабийхэм кьакІрыхуэхэр щаІыгъ унэ-интернату Налщык кьалэ дэтым.

